# Ирон æвзаджы урок 8 къласы

# «Æмхуызон æмæ алыхуызон бæрæггæнæнтæ»



## Æмхуызон бæрæггæнæнтæ

1. Фæбæрæг кæнынц предметæн уыцы иу миниуæг(хуыз, ас, формæ, хъæд æмæ а.д.) «Хæрзконд, саулагъз чызг фæцæйцыди ахуырмæ»
2. Баст сты кæрæдзиимæ иугæнæг бæттæгтæй. (æмæ, дæр-дæр æмæ а. д.) «Хæрзконд æмæ саулагъз чызг фæцæйцыди ахуырмæ»
3. Се'ппæт дæр фæбæрæг кæнынц бæрæггæнинаг дзырды «Хæрзконд æмæ саулагъз чызг фæцæйцыди ахуырмæ» - хæрзконд чызг, саулагъз чызг
4. Бæттæгтæй баст куы нæ уой, уæд сæ дзургæйæхицæн кæнын хъæуы паузæ, фысгæйæ та- къæдзыгæй «Хæрзконд, (Паузæ) саулагъз чызг фæцæйцыди ахуырмæ»

## Алыхуызон бæрæггæнæнтæ

1. Фæбæрæг кæнынц предметæн йæ алыхуызон миниуджытæ «Уалдзыгон рæсугъд зарæг райхъуысти»
2. Се'хсæн нæй сывæрæн иугæнæг бæттæг «Уалдзыгон (æмæ!!!!!) рæсугъд зарæг райхъуысти»
3. Бæрæггæнинаг дзырды фæбæрæг кæны хæстæгдæр æм цы бæрæггæнæн фæлæууы,уый, иннæ бæрæггæнæн та фæбæрæг кæны бæрæггæнинаг дзырд æмæ фыццаг бæрæггæнæны иумæ «Уалдзыгон рæсугъд зарæг райхъуысти»
4. Арæх æвдыст вæййынц миниуæгæвдисæг кæнæ ахастæвдисæг миногонтæй «Хус хъæдын хидыл бæлццæттæ фæцæйцыдысты»

# Текстимæ куыст

## Уырыссаг æвзаг

Мæ райгуырæн бæстæйыл сагъæсгæнгæйæ, мæ тыхст æмæ дызæрдыджы бонты иунæг дæуæй ныфсджын æмæ фидар у мæ зæрдæ, о не‘стыр, нæ хъомысджын, раст æмæ сæрибар уырыссаг æвзаг! Ды йын нæ дæ, зæгъгæ, уæд катайыл куыннæ бафта лæг ам, нæхимæ, цытæ цæуы, уынгæйæ? Фæлæ ахæм æвзаг стыр адæмæн лæвæрд ма уа, ууыл бауæндæн нæй.

# Ӕрмæг бафидар кæнынæн чиныгимæ куыст

## **Фæлт. 7, текст «Хæдзары хицау»**

## **Фæлт.1,текст «Дæргъæвс»**

**Ссарын 5 дзырдбасты æмхуызон бæрæггæнæнтимæ**

**Ссарын 5 дзырдбасты алыхуызон бæрæггæнæнтимæ**

# Хæдзармæ куыст

- Фæлтæрæн3, фарс 113.